GARUTSELATAN.INFO
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL**

**LEMBAR SOAL**

**Mata Pelajaran : Bahasa Sunda**
**Kelas/Program : XII/IPA/IPS**

Pilih jawaban yang paling tepat!

1. Pakakas nu dipake dina pagelaran mantun, nyaeta ....
   A.
   Gitar B.
   Rebab
   C.
   Kacapi
   D.
   Goong
   E. Kendang
2. Nu nepikeun carita pantun nya eta ...
   A. Bujangga
   B. Dalang
   C. Sinden
   D. Juru pantun
   E. Nayaga
3. Bagean nu ngagambarkeun tingkah paripolah tokoh carita dina hiji kajadian dina carita pantun disebut ...
   A. Deskripsi
   B. Rajah
   C. Monolog
   D. Dialog
   E. Narasi
4. Conto bagian narasi dina carita pantun, nyaeta ...
   A. "Aeh Mama Lengser, bagea teuning, iraha dongkap?" tembalna Mama Lengser" Jagong carang Ratu Emas!"
   B. Ludak-ledok dok diborehan, lain teu wuni boboreh, dipulasan
   keler
   nahun, nu geulis ngadadak goreng, hideung batan wadah teuleum

C. Caturkeun ratu di manggung, carita di kahyangan, Guru Minda kahyangan, anak dewata cikalna, titisan Guru Tunggal , seuweu batara di langit, ngabujanggga di paradewata.

D. Bul kukus mendung ka manggung, ka manggung neda papayung, ka

dewata neda suka

E. Teundeun dihandeuleum sieum, tunda di hanjuang siang, paranti nyokot ninggalkeun.

5. Nu teu kaasup unsur intrinsik carita pantun, nya eta ….
   A. Tema
   B. Nada
   C. Galur
   D. Amanat
   E. palaku

6. *Bul kukus mendung ka manggung*
   *Ka manggung neda papayung*
   *Ka Dewata neda suka Ka*
   *Pohaci neda suci Kuring*
   *rek diajar ngidung*
   *Nya ngidung carita pantun*

   Conto di luhur bagian tina carita pantun ...
   A. Narasi
   B. Deskripsi
   C. Monolog
   D. Rajah pamuka
   E. Rajah panutup

7. Palaku utama dina carita pantun Lutung Kasarung, nyaeta ...
   A. Purbararang
   B. Purbakancana
   C. Guru Minda
   D. Mas Pranu Ageung Tapa
   E. Purba leuwih

8. Tokoh nu loba ngalaman ujian dina carita pantun Lutung Kasarung, nyaeta ....
   A. Purbararang
   B. Purbasari
   C. Aki Panyumpit
   D. Purbakancana E.
   Purbaungu

9. Nu kagolong kana karya sastra heubeul, nyaeta …

A. Pantun

B. Novel

C. Carita pondok

D. Sajak

E. Drama

10. Novel "Si Lamsijan Kaedanan" karangan Ki Umbara mangrupa novel anu eusina ngyaritakeun tokoh Si Lamsijan budak boloho kebluk jeung hardolin. Pagawean sapopoena ngan saukur ulin ti isuk-isuk nepi ka burit. Dina hiji poe Si Lamsijan menta kawin ka indungna jeung Si Amoy. Tapi indungna teu nyatujuan sabab Si Lamsijan can bisa usaha jeung can mandiri. Pungkas carita Si Lamsijan ngajodo ka Si Cemplu teu ka Si Amoy.

*Unsur resensi tina deskripsi di luhur, nya eta …*

A. Identitas buku

B. Ringkesan buku

C. Kaunggulan buku

D. Kahengkeran

buku E. Panutup

11. Salah sahiji hal nu teu dipedar dina resensi novel, nya eta ….

A. Identitas buku

B. Ringkesan buku

C. Kaunggulan buku

D. Proses nulis buku

E. Kahengkeran buku

12. Hal-hal anu dijentrekeun dina resensi ngawengku judul buku, pangarang, penerbit, jumlah halaman buku, harga buku jeung nomer seri buku kagolong kana ...

A. Identitas buku

B. Ringkesan

buku C.

Kaungguan buku

D. Kahengkeran buku

E. Mangfaat buku

13. Carita wayang kagolong kana sastra ....

A. Lisan

B. Tulisan

C. Drama

D. Lisan jeung Tulisan

E. Prosa

14. Dina carita wayang efik Mahabarata nu nyekel kaadiloan teh Pandawa, sedeng nu murka, nyaeta ....

A. Dasamuka

B. Pandu

C.

Kurawa D.

Rahwana

E. Dewi Sinta

15. Salasahiji nu ngabedakeun carita wayang Sunda jeung India, nyaeta....

| | Carita Wayang India | Carita Wayang Sunda |
|---|---|---|
| A. | Euweuh tokoh punakawan | Aya tokoh punakawan |
| B. | Dorna Jahat | Dorna hade ahlak |
| C. | Gatot kaca tokoh penting | Gatot kaca tokoh teu penting |
| D. | Srikandi awewe | Sri Kandi lalaki |
| E. | Drupadi lanceukna Srikandi | Drupadi poliandri |

16. Carita wayang “Di Leuweung Dadaka” mangrupa bagian tina epik ...

A. Mahabarata

B. Ramayana

C. Mahabarata jeung Ramayana

D. Anoman Duta

E. Pandawa Buang

17. Carita wayang epik Ramayana nu ngabogaan tokoh jahat nyaeta Prabu Rahwana, sedeng tokoh hade nya eta

.... A. Kurawa

B. Batara rama

C.

Sadewa

D.

Nakula

E.

Drupadi



18. Dumasar  gambar di luhur Abiyasa ka Sunanda perenahna
…

A.
Nini
B.
Aki C.
Incu
D.

Bapa

E.
Uyut

19. Uana Salma ka Indung Salwa nyebutna

...

A. Lanceuk

B. Alo
C. Adi
D.
Anak
E.
Incu

20. Titénan wacana ieu di handap.

*Caturkeun ratu di manggung, carita di kahyangan. Guru Minda kahyangan,*

*anak déwata cikalna, titisan Guru Hyang Tunggal, seuweu batara di langit, ngabujangga di paradéwata, kasép taya papadana, keur meujeuhkeun teguh. Tuluy ngimpi kagungan bébéné, sarupa jeung Sunan Ambu; ngalingling ngadeuleu maling. Enggeus nganggo raksukan, salin jenengan kana Lutung Kasarung; kasarungku sadulur, kasimpang ku barayana. Cedok nyembah, indit ngusap birit, angkat ngusap sinjang, bisi kawiwirangan keur ngawula*

Dumasar kana Sempalan carita pantun di luhur kaasup kana bagian.…

A.

Rajah

B.
Narasi
C.

Deskripsi

D.
Dialog
E.

Monolog

21. Rama katut pasukanana *ngababakan* di wewengkon anu paeuteung-eunteung jeung Nagara Aléngka, kahalangan ku laut. Ti dinya Anoman di utus pikeun mubus ka Alengka. Sakalian ngalongok kaayaan Déwi Sinta. Sempalan carita wayang di luhur, kaasup kana babon….

A. Kurawa

B. Mahabarata

C. Ramayana

D. Astina jeung Aléngka

E. Arjuna Sastra Bahu

22. Ieu dihandap anu henteu kaasup pola carita pantun, nyaeta…

A. Tokoh miang

B. Tokoh meunang ujian

C. Tokoh aya nu nulungan

D. Rajah panutup

E. Tokoh mulang

23. Upama ditilik tina strukturna tulisan résénsi téh ilaharna

ngawengku.... A. pedaran ngeunaan riwayat hirup pangarang, tingkesan

atawa gurat

badag carita, jeung analisis karya

B. pedaran ngeunaan riwayat hirup pangarang, tingkesan atawa gurat badag carita, jeung kritik karya

C. pedaran ngeunaan riwayat penerbit buku, tingkesan atawa gurat badag carita jeung analisis karya.

D. pedaran ngeunaan riwayat hirup pangarang, tingkesan atawa gurat badag carita, jeung publikasi karya

E. pedaran ngeunaan riwayat hirup pangarang, tingkesan atawa gurat badag carita, jeung publikasi karya

24. Novel anu judulna “*Bentang Pasantren*” karangan Usep Romli H.M

eusina nyaritakeun kahirupan tokoh Lurah santri anu kapincuk ku putra Ajengan. Eta novel kaasup novel rumaja anu cocok dibaca ku barudak sakola tingkat MA/SMA sabab eusina loba picontoeunana. Sempalan resensi di luhur kaasup kana bagean …

A. Identitas novel

B. Ringkesan novel

C. Kaunggulan novel

D. Kahengkeran

novel E. Mangfaat

novel

25. Baca téks di handap!

Nu nanya : "Tarékah naon kinten-kintenna sangkan jalma-jalama hus’usna generasi ngora teu kalibet nggunakeun narkoba?"

Narasumber:"Anu leuwih utamana mah dibina ku kolotna di lingkungan kulawarga. Barudak salaku generasi ngora kudu di didik, diatik ku ajaran agama, sangkan kandel kaimanan. Barudak kudu apal yén narkoba téh barang haram nu dilarang ku agama jeung pamaréntah, sabab bakal ngarusak méntal jeung runtuhna nagara".

Ragam basa nu digunakeun dumasar conto teks di luhur nya éta ....

A. lemes keur sorangan
B. lemes keur ka batur
C. loma/Akrab
D. kasar
E. cohag

26. Titenan sempalan carita ieu di handap!

Prabu Pandu Dewanata teh hiji raja ti Karajaan Astina. Anjeuna boga putra lima sadulur anu baris katelah Pandawa Lima, anu dilahirkeun ti dua istrina nya eta Dewi Kunti jeung Dewi Madrim. Eta Pandawa Lima ti nu panggedena nepi ka pangleutikna teh nya eta; Yudistira, Bima, Arjuna, Nakula jeung Sadewa. Dua ngaran nu panungtung dilahirkeun ti ibu Dewi Madrim.

Dumasar teks di luhur Dewi Kunti ka Nakula perenahna ....

A. Incu
B. Anak
C. Anak tere
D. Kapiadi
E. Adi

27. Bima ka Yudistira perenahna ...

A.

Kapiadi

B.
Adi
C.

Lanceuk

D.
Kapilanceuk
E.

Dulur



28. Ngaran tokoh wayang di luhur nyaeta ...
    A. Arjuna
    B. Yudistira
    C. Cepot
    D. Nakula
    E. Sadewa
29. Tokoh wayang nu padamikaresep pedah boga peran pikaresepun jeung resep ngabodor, nyaeta ....
    A. Nakula
    B. Cepot
    C. Sadewa
    D. Yudistira
    E. Arjuna
30. Sajarah asal mulana carita wayang nya eta ti nagara deungeun, nyaeta
    A. Pakistan
    B. India
    C. Malaysia
    D. Birma
    E. Palestina